

Kisa Ou Ka fè si Ou gen Plis Risk pou Maladi Grav nan COVID-19



Baze sou sa nou konnen aktyèlman, moun ki gen plis risk pou maladi grav nan COVID-19 yo se:

- Moun aje yo

Moun nenpòt laj ki gen sa ki annapre la yo:

- Kansè
- Maladi ren kwonik
- Maladi poumon, sa gen ladan, COPD (maladi pilmonè obstriktiv kwonik), opresyon (ki varye ant modere ak grav), maladi pilmonè entèstisyèl, fibwoz kistik, ipètansyon pilmonè
- Demans oswa lòt twoub newolojik
- Dyabèt (tip 1 oswa tip 2)
- Down Sendwòm
- Pwoblèm kè (tankou ensifizans kadyak, maladi atè kowonè, kadyomyopati yo oswa tansyon wo)

- Enfeksyon VIH
- Eta defisyans sistèm iminitè (sistèm iminitè febli)
- Maladi nan fwa
- Twò gwo ak obezite
- Gwosès
- Anemi falsifòm oswa talasemi
- Fimen, aktyèlman oswa ansyen fimè
- Transplantasyon ògàn solid oswa selil souch san
- Estwok oswa maladi serebwovaskilè, ki afekte sikilasyon san nan sèvo a
- Twoub itilizasyon sibstans yo



Rele founisè swen sante ou si ou malad.

Pou jwenn plis enfòmasyon sou dispozisyon ou ka pran pou pwoteje tèt ou, gade dokiman CDC **Kijan pou Pwoteje Tèt Ou.**

cdc.gov/coronavirus


Ede Pwoteje Tèt Ou ak Pwoteje Lòt Moun:



Anvan depa ou



Vizite founisè swen sante ou epi prepare dosye medikal ou.



Resevwa yon pwovizyon 12 semèn medikaman.



Pale sou opsyon yo pou vaksinasyon COVID-19 avèk founisè swen sante ou.



Ou pral bezwen yon tès viral COVID-19 pa plis pase 3 jou anvan vwayaj la oswa dokiman ki endike ou refè* sot anba COVID-19.

*Dokiman ki endike ou refè gen ladan prèv yon tès viral pozitif nan 3 dènye mwa yo ak lèt yon founisè swen sante oswa yon responsab sante piblik ki deklare ou te otorize pou vwayaje.



Pandan vwayaj la



Mete yon mask ki kouvri konplètman nen ou ak bouch ou epi ki adapte pafètman kont bò figi ou, menm si ou te vaksinen.



Lave men ou souvan oswa sèvi ak yon dezenfektan pou men abaz alkòl.



Evite kontak pwòch (2 mè/ 6 pye) avèk moun ki p ap viv avèk ou.



Avèti OIM ak estaf konpayi avyon an si ou santi ou malad pandan vwayaj la.



Aprè ou rive



Kontakte travayè sosyal ajans reyenstalasyon ou an pou konnen egzijans ak rekòmandasyon byen presi yo nan zòn ou an.



Siveye sentòm COVID-19 yo. Pran tanperati ou si ou santi ou malad.



Mande founisè swen sante ou oswa travayè sosyal ajans reyenstalasyon an ransèyman pou pran yon vaksen COVID-19 si ou poko vaksinen.



Kontinye pran dispozisyon yo ki endike nan 'pandan vwayaj la' jiskaske ou vaksinen konplètman kont COVID-19 (2 semèn apre dènye dòz ou).



Si ou vin malad epi ou panse ou petèt gen COVID-19:



Rete lakay ou. Evite kontak pwòch avèk lòt moun otank posib.



Kontakte founisè swen sante ou ak travayè sosyal ajans reyenstalasyon ou an. Si ou bezwen yon entèprèt pou pale avèk founisè medikal ou, travayè sosyal ou an ka ede ou.



Rele 911 epi chèche swen medikal touswit si ou gen siy avètisman dijans yo (sa gen ladan pwoblèm pou respire).